

*Life don beta...***EPISODE 2****Characters***Ngozi**Isoken**Pullen**Grace**Ivie**Elvis*

Scene 1*Upper Sakpomba. Ngozi's flat. Afternoon*

1. **MUSIC:** **BRIDGE UP AND FADE**
2. **SFX:** **KNOCK ON THE DOOR 3TIMES**
3. **ISOKEN:** Ngozi o? Who dey house?
4. **NGOZI:** **(OFF MIC)** Yes, who be dat? I dey come o.
5. **SFX:** **DOOR OPENS ON MIC**
6. **NGOZI:** Ah Isoken na you, Enter inside. How nah?
7. **ISOKEN:** I dey o Ngozi, my sister. I jus con give you una plate back and say 'thank you' for dat **(EMPHASIS)** delicious groundnut soup, plus the big *Skoobia* **(mackerel)** tail and garri.
8. **NGOZI:** *Odikwegu* **(LAUGHS)** na really **(EMPHASIS)** delicious. Isoken, you nor well.
9. **ISOKEN:** **(HEARTILY)** Yes nah, I chop small yesterday, and as I con finish am dis morning my body just *kooleh*.
10. **NGOZI:** **(SERIOUS TONE)** Wait o Isoken, you divide the food for yesterday and today? Haba, wetin dey happen? How far with you and Auntie Efe?

- 11.ISOKEN:** Hmmm, my sister, we still dey dere o. She neva comot me for belle o.
- 12.NGOZI:** So she still neva give you food? Since? Upon all dat plenty cooking wey you dey do since dey break, so you noh go chop inside? Na wa to your Aunty o, kai. **(CLAPS HER HANDS)**
- 13.ISOKEN:** **(SMIRKS IN RESIGNATION)** Na today? Na me dey kuku cook for house nah. And since dat day, na me still dey cook but I noh dey chop at all. **(SIGH)** If noh be you ehn Ngozi.
- 14.NGOZI:** Oh Isoken, God dey. Noh worry I go dey help you any way I fit. Food na small matter; you noh fit hungry when I full ground.
- 15.ISOKEN:** Thank you o Ngozi. Ah, God go bless you; God go bless your family.
- 16.NGOZI:** Amen o my sister, E go bless you too. Abeg you sef, quick pass JAMB, make you enter university, so you go fit delete from dis place with all im wahala.
- 17.ISOKEN:** Amen ooo. I dey try o Ngozi.
- 18.NGOZI:** You fit do am nah, you know book. Jus read well-well and God go do the one wey remain. Becos as university babe you noh go get bizness with dat wicked woman. Levels go don change.
- 19.ISOKEN:** **(DREAMILY)** Yes ooo. I pray o.
- 20.NGOZI:** Noh worry; God dey. **(SIGHS AS SHE GETS UP)** Abeg, make I quickly Iron all dese cloth dem, now as light still dey.

- 21.ISOKEN:** (FONDLY) Ah-ah, for dis your condition? You suppose dey rest, abeg give me the iron joor.
- 22.NGOZI:** But I fit iron cloth nah. I dey fine. I dey strong and I dey kampe. Na belle I get noh be sickness o.
- 23.ISOKEN:** (FONDLY) You don talk finish? Oya abeg siddon, gimme iron.
- 24.NGOZI:** Oya madam, take iron o. Heey, I noh know who dey spoil me pass, na you, abi na Inno. When him dey I noh fit carry spoon. Anyway, thank you o.
- 25.ISOKEN:** You noh know say I wan fine like you when I get belle? Like Real sisi.
- 26.NGOZI:** (LAUGHS) *Odikwegu*, Na me be Sisi abi?
(SERIOUSLY) Well, thank God say I rest well-well after I born Chuks...
- 27.ISOKEN:** Shey dat nah really the reason?
- 28.NGOZI:** Yes o. Isoken, the truth na say when you allow your body rest well-well before you get another belle, you go dey strong well. Woman body not be machine o. She suppose take care of herself.
- 29.ISOKEN:** Na true o. Body noh be firewood.
- 30.NGOZI:** Na so o, my sister. When I born Chuks, me and Innocent come gree say my body suppose rest and strong well-well for like two years, before I go get dis belle. Dat na how we dey take plan our family o.

- 31.ISOKEN:** Dat one good o. I go remember am when me sef marry. Where Chuks dey sef?
- 32.NGOZI:** **(LAUGHS)** My small oga dey for him nursery school dey jolly. He like the place well-well o. He go soon come house sef, na Inno go carry am come.
- 33.ISOKEN:** Me, I jus like una family. The way una be- Simple, no wahala. Any time wey I dey see una, I jus wan marry sharpally.
- 34.NGOZI:** **(LAUGHS)** Haaa, Isoken. Wetin to marry dey do for inside your head now ehn? Abeg delete am, make you put JAMB for dere. **(THEY LAUGH HEARTILY)**
- 35.EFE:** **(OFF MIC)** Isoken! Isoken!! ISOKEN!!!
- 36.ISOKEN:** **(APPREHENSIVE)** Ngozi, make I dey go. Sorry I noh go fit iron the clothes finish. I go come back later.
- 37.SFX:** **SHUFFLING OF SLIPPERS, HURRYING FOOTSTEPS. DOOR OPENS. SLAMS ON MIC**
- 38.BRIDGE MUSIC:** **BRIDGE MUSIC UP AND FADES**

Scene 2

NIPOST. Pullens Office. Afternoon

- 39.SFX:** **FOOTSTEPS WALKING. STOPS**
- 40.GRACE:** **(CHEERFULLY)** Ko, ko, ko o
- 41.PULLEN:** **(PLEASANTLY SURPRISED)** Ah-ah Gracie na your face be dis? How you dey now? I don see am for your face as E dey shine.
- 42.GRACE:** **(CHUCKLES)** Broda *wo yee*. Na me o. So I dey shine like dis?
- 43.PULLEN:** Yes of course. Gracie-Gracie, so dis nah your face true-true? I happy to see you. E be like say I don win jackpot o, or you for noh come here come find me for office.
- 44.GRACE:** Ah-ah Broda Pullen, I noh dey visit you before? Anyway, I jus say make I come visit you for here. How you dey? How una dey for Upper Sakpomba, especially my sweetie Isoken?
- 45.PULLEN:** We dey o. We thank God. Isoken dey fine but, nowadays she dey behave one-kind and me I dey worey small.
- 46.GRACE:** **(CONCERNED)** Eh-en? As how?
- 47.PULLEN:** She don dey do anyhow for im school work. I noh even understand am again sef.
- 48.GRACE:** No-o no be Isoken, ahn-ahn Broda Pullen you sef know am now. She know book well-well. Abi, nor be im clear im WAEC one tym? Na how many pickin today fit do dat kain thing?
- 49.PULLEN:** Na so me sef don dey ask mysef question since. But dis her ya-ya-ya for im book everybody don see am.

- 50.GRACE:** Eh-en. Okay, Broda, noh worey I go follow am talk. You kuku know how all dese young sisi dem sabi do like indomie. Noh worey, she go change.
- 51.PULLEN:** Hmmm I pray o. You nko? How una side? Edogun and the children dem?
- 52.GRACE:** Mmmh! Dem dey fine. But **(SIGH)** dem dey hungry.
- 53.PULLEN:** **(SURPRISED)** Hungry ke?
- 54.GRACE:** **(SAD)** Yes o, Broda we don dey 'H' since, na beta Alarm na im dey tear us for dere so. You kuku know say as Edogun noh get work again, things dem come begin Red; but now ehn, things don wohwoh pass. We noh fit pay children school fees. We dey owe nine month house rent. Money noh dey for anything at all, ehwo! broda.....
(SHE BEGINS TO CRY)
- 55.PULLEN:** **(CONCERNED)** Grace take am easy. Abeg noh cry. Everything go dey fine.
- 56.GRACE:** Broda we noh fit buy ordinary matches make e noh pain us. **(STILL SOBBING)** Bros, I noh wan disturb you o, but abeg, how una go fit helep us? At least, if na small change wey we go fit use pay sonthin inside dat rent. Abeg.
- 57.PULLEN:** **(SYMPATHETICALLY)** Ah Grace. I sabi una situation well-well. I really wan helep una now, but Ah! I noh get one kobo for hand. My tenants dem neva fitto pay rent since. *Owu* dey hold everybody.

58.GRACE: (OVERWHELMED) Ehw God! Which kain life be dis?

59.PULLEN: Noh worry Grace, as pepper enter my hand, I go arrange una with small thin. Noh worry, na me, I go do am.

60.GRACE: Oh Broda Pullen, tank you. Ah, if noh be you wey dey cover my face.

61.PULLEN: Nor be family we be. Eh-en, as we dey talk family sef, Grace you suppose dey do sofri-sofri with your husband Edogun o. Noh dey wahala am ontop money, dey para anyhow as tings dey ruff for una now o. Make you try dey Patient *iziegbe mwenre*. Besides, tings jus dey Red for people anyhow now. But, as I don talk before, I go try my best.

62.GRACE: Tank you o broda, I don hear... Abeg try for me, anyhow, anyhow.

63.SFX: BRIDGE MUSIC

Scene 3

GRA. Amadasuns residence. Early morning

- 64.SFX:** **A LIGHT TAP AND DOOR OPENS ON MIC**
- 65.ELVIS:** Ivie where you? Hmmm, nah who use dis sweet perfume dis morning o?
- 66.IVIE:** **(OFF MIC)** Elvis gud morning, I dey toilet and na everyday I dey use sweet perfume. Wetin?
- 67.ELVIS:** I hear. Abeg come gimme your blue cuff links.
- 68.IVIE:** **(OFF MIC)** Okay. Take dem; dem dey inside dat small white box. Abeg noh scatter my things o.
- 69.ELVIS:** Yes ma. *Oya*, commot for bathroom nah. I wan see the kain cloth wey you dey wear, becos dis your perfume na die.
- 70.SFX:** **DOOR OPENS**
- 71.ELVIS:** **(SURPRISE)** He-ey, you sure say you dey go work today?
- 72.IVIE:** **(GIGGLING)** Ofcos I dey go work, but after, I get waka with **(PAUSES THEN SOFTLY)** you know nah.
- 73.ELVIS:** I noh know o. And abeg I hope say na one **(EMPHASIS)** new bobo make you dress like dis. Shebi you get new bobo?
- 74.IVIE:** **(SHARPLY)** No! Today na David birthday and we get correct waka for evening.
- 75.ELVIS:** I see. So nah dere we still dey since, ontop David matter. Abi noh be four years now. And nah only birthday una sabi celebrate abi?

- 76.IVIE:** Wetin dey worey you sef, Elvis? Why you dey talk like say you noh know why me and David noh fit advance?
- 77.ELVIS:** I know nah. Dat na why I tink say you go don sharp up dey try oda guys dem. At least, make one totori your head, delete David for inside dere. Ivie shine your eye, make you hook confirm guy now.
- 78.IVIE:** I don hook to David! **(IN FRUSTRATION)** But Elvis! I don tire, na so-so hide-hide parole na im me and David dey do.
- 79.ELVIS:** Den why two of una still dey, when you know say una noh go kuku marry? Him family plus we own noh dey take eye dey see dem sef. And you know say Paaleh noh go gree lailai.
- 80.IVIE:** **(ANNOYED)** But wait first, Paaleh sef know wetin make we and the Osifos dem dey fight?
- 81.ELVIS:** Ivie, the whole *quanta* start *teey-teey* before dem born our grand paaleh dem sef. I noh tink say Paaleh know *gayin*. He only dey para say Amadasun and Osifo be enemy for life.
- 82.IVIE:** **(SNAPS)** And na me go come dey suffer onto nothing! I noh fit stay with the man wey I love die, becos dem dey quarrel abi?
- 83.ELVIS:** Ivie, pipe low. But **(PAUSES)** you noh go fit dey stay like dis o. You suppose do sonthin. Shey you don tell De Maaleh?
- 84.IVIE:** Ehn?! De Maaleh?! To tell Maaleh be like say na Paaleh I tell nah. You noh know.

- 85.ELVIS:** True talk. **(GENTLY)** So how we go advance na? Wetin you go do? Wetin David dey talk put since sef? You be my sister, so na your matter I dey tink. Na you **(EMPHASIS)** be woman o.
- 86.IVIE:** But dat na the guy wey I love. E beta make I dey do my hide-hide love dan say I noh go see am again o, Elvis. But I dey hope, dey pray for miracle.
- 87.ELVIS:** Okay, make the miracle quick happen o. But you try o, dem suppose give una award. Four years of secret romance noh be joke o. Who dey do dat kain thin?
- 88.IVIE:** **(GIGGLES SADLY)** Na you sabi!
- 89.ELVIS:** Eh! Seven don almost nack! Abeg make we enter road before we go late for work.
- 90.IVIE:** nor be you come dis morning dey do Mr Borrow-borrow plus Mr Adviser join?
- 91.ELVIS:** **(LAUGHS)** Ivie, you noh well.
- 92.SFX:** **BRIDGE MUSIC**

Scene 4

Upper Sakpomba. Pullens house. Evening

- 93.SFX:** **DOOR OPENS /SLIPPERS FOOTSTEPS ON MIC**
- 94.PULLEN:** Isoken, na you be dat? Come here.
- 95.ISOKEN:** Yes papa.
- 96.PULLEN:** Isoken, no be from Ngozi house, you dey come so? And why you con carry food from Ngozi's house, as if we noh get food for our own house?
- 97. ISOKEN:** **(NERVOUSLY)** Sorry papa. Ngozi be my friend, and I dey help am do housework somtym as her time to born go soon reach. Today, when I work finish, she carry food gimme.
- 98. PULLEN:** **(UPSET)** And you collect am, not so? Hmmm, E good as you dey help am. But E noh mean say you go dey collect food from am. Ah-ah we get food for house nah. Abi we noh get?
- 99.ISOKEN:** Yes sir we get.
- 100. PULLEN:** **(UPSET)** So wetin make you come dey collect food from dem? Abi you be *long throat*?
- 101. ISOKEN:** No, papa. Abeg noh vex.
- 102. PULLEN:** Answer me, noh be question I ask you.
- 103. ISOKEN:** **(NERVOUSLY)** Ermm, I noh dey chop for house.
- 104. PULLEN:** Wetin happen? You dey fast?
- 105. ISOKEN:** **(CAREFULLY)** Papa, erm, nah Aunty Efe noh dey give me food chop.
- 106. PULLEN:** Wetin you talk?! How dat kind *wohwoh* thing go dey comot from your mouth ehn? For house where we dey

throway food, you con dey tell me say you noh dey see food chop. Which tym you become like dis Isoken?

- 107. ISOKEN:** Papa na true o. I noh dey lie. I noh fit lie ontop dat kind matter. Na since dat day when I go hawk, when dem thief my money and E remain small dem for rape me. As I con come house dat day with nothing- no bread, no money. She vex. She come talk say I noh go chop again for dis house, until I complete the money.
- 108. PULLEN:** So-o, you wan tell me say you neva chop food for dis house since dat day?
- 109. ISOKEN:** No papa, I neva chop anything. If not for Ngozi...
- 110. PULLEN:** **(GENTLY)** Hmmm, Isoken, so sonthin like dis dey happen for dis house and you noh tell me. But you dey tell me everything before nah. You fit talk to me; I still be your Papa.
- 111. ISOKEN:** **(CHUCKLES SADLY)** I know, but Papa you dey too busy so you noh fit get time for me.
- 112. PULLEN:** Me busy? I know everything wey dey happen to all my pickin dem. So-o, noh tell me say I busy.
- 113. ISOKEN:** Papa, my birthday na five days ago and no body remember am. No body notto even you Papa. You forget.
- 114. PULLEN:** Ehnn? **(PAUSES EMBARRASED)** Ehw Osanobuwa eh! Na true oh. Oh abeg noh vex. Hey my pickin, noh worey I go settle you.
- 115. ISOKEN:** No need now, Papa.

- 116. PULLEN:** But how I go forget dat kain thing? Ehw, Isoken sorry ehn.
- 117. ISOKEN:** Papa I understand every nah. I know say you dey busy.
- 118. PULLEN:** Tank you my daughter. I jus wan dey see you, say you happy. I know say everything get as e be now, but you go promise me now say you noh go dey go meet outsider for help, when I full ground for you remain.
- 119. ISOKEN:** Okay Papa I don promise.
- 120. PULLEN:** **(TENDERLY)** Isoken, Isoken, Isoken. Na how many times I call you?
- 121. ISOKEN:** Na three times sir.
- 122. PULLEN:** Na me be your Papa! If problem dey, come meet me straight, E noh matter wetin e be.
- 123. SFX:** **BRIDGE UP AND FADE**